

# Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè  
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
cenjp@yahoo.com  
[www.justicepaixhaiti.org.ht](http://www.justicepaixhaiti.org.ht)

**Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**JE WÈ,  
BOUCH FÈT POU PALE**

**Mwa jiyè rive sektanm 2017**

**64**

*Orjinal an kreyòl  
Texte en français : voir pages 5 et 16  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*



Obsèvasyon an ak piblikasyon rapò a kapab fèt gras ak konkou finansye Misereor / Almay.

Se Kornisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki reskonsab sa k ekri nan rapò a.

Moun ki sèvi ak rapò a dwe bay sous la.

## **Lèt toulouvri pou tout Otorite Sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a**

Komisyón Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyón Jistis ak Lapè Achidyochèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se nan yon moman gwo toumant sou sitiyasyon jeneral peyi a l ap prezante 64 yèm rapò sou yon seri ka ki te pase nan 3zyèm trimès lane 2017 nan zafè vvolans ak ensekirite nan zòn metwopolitèn peyi a.

Lè nou konsidere ansanm chif sou krim ak asasina nou konnen yo, nou ta kapab rive nan konklizyon ensekirite a ak santiman ensekirite a diminye lakay sitwayen ak sitwayèn yo. Komisyón an konte 71 ka moun ki mouri anba vvolans pandan 92 jou nan trimès la. Ladan nou jwenn 44 moun ki mouri anba bal epi 18 moun ki viktim nan aksidan trafik.

Sa ki bay Komisyón an kè sote epi ki fè l afime vvolans lan pa diminye reyèlman, se pakèt ka vvolans ki genyen, kote se otorite piblik yo yo menm, ki dwe yon ajan respè lalwa ak sekirite piblik ki mele nan zak yo. Konsa, nou obsève plizyè ka kote plizyè ajan lameri yo, ki gen zam jous nan dan ap touye moun, epoutan pozisyon legal gwoup ame sa yo toujou pa klè. Sitwayen yo bò kote pa yo konstate anpil vvolans nan nivo trafik woutye, ak yon bann machin ki pa gen plak oubyen ki gen plak IT, CD, OF, SE, DM ak lòt ankò. Dezòd sa a - nou pa kapab di 1 yon lòt fason - epi valè polisye ki nan sèvis otorite yo, pa kreye yon anbyans pou pote lapè nan lespri moun yo.

Li enpòtan pou nou note komin Pòtoprens ak Kafou se 2 kote ki genyen pi plis zak vvolans nan zòn metwopolitèn nan, avèk 24 ak 27 moun ki viktim nou konte pandan trimès la.

Konsa tou, anpil lòt zak vvolans ap vale teren tankou: menas sou lavi moun, vòlò k ap rale zam pou dechèpiye moun, pakèt ka vyòl yo - anpil fwa se yon gwoup nèg ki atake yon fanm. Li pa posib pou yon òganizasyon nan sosyete sivil la tankou pa nou an kolekte chif kòrèk sou tout evènman sa yo.

Mete sou sa, chak jou lavi sitwayen ak sitwayèn yo ap degrade, epi lespwa sanble fini pou yo sou wout lavni. Jèn yo pa kapab gade lavni ak konfyans, sa ki pouse yo ale pa bann ak pa pakèt lòt kote pou yo ka chache lavi kote ki ta sanble pi bon.

Tout manifestasyon k ap fèt nan peyi a ak vvolans ki rive ladan yo montre anpil pwoblèm k ap souke bil Repiblik Ayiti epi ki menase estabilite demokratik la. Zak britalite polis yo pandan manifestasyon yo, fason yo itilize gaz lakrimojèn san mezire konsekans yo, lakòz gen anpil viktim: moun ki blije kouri lopital, men tou, gen sa k

mouri. Nou dwe atire atansyon sou latwoublay piblikasyon bidjè pou lane 20017-18 la pote. Pou nou menm bidjè pa yon zouti pou mete pi plis jistis sosyal nan peyi a. Epitou, gen koripsyon k ap koukouman enstitisyon piblik yo, gen yon grèv ki preske chante antèman aparèy jistis la epi ki bay gwo pwoblèm pou moun k ap kokobe nan prizon, san pa gen bonjan repons bò kote otorite piblik yo. Nou pa kapab pa konsidere nivo diskriminasyon sosyal ak ekonomik k ap fini ak sosyete nou an chak jou pi plis.

Pou fini, sekretarya Komisyon an remèsye tout otorite nan Leta a ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ak done, tankou Lopital Inivèsite Leta d Ayiti (HUEH) ak Lapolis Nasyonal d Ayiti (PNH). Komisyon an salye nou tout, epi li remèsye nou pou bon akèy n apral bay 64yèm rapò sila a.

## Lettre ouverte aux autorités civiles, Judiciaires et policières du pays.

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est dans un contexte de grande préoccupation sur la situation générale du pays qu'elle présente son 64<sup>ème</sup> rapport qui rend compte de certains faits qui marquent le 3<sup>ème</sup> trimestre de 2017 en termes de violence et d'insécurité dans la zone métropolitaine du pays.

Considérant seulement les chiffres des crimes et assassinat dont nous avons connaissance, on pourrait conclure que l'insécurité et le sentiment d'insécurité ont diminué chez les citoyens et citoyennes. La Commission a dénombré 72 cas de mort violente au cours des 92 jours du trimestre, dont 44 sont des morts par balles et 18 des victimes de la violence du trafic routier.

Ce qui inquiète la Commission et qui la permet d'affirmer que la violence ne diminue pas vraiment, est le fait que la violence émane dans de nombreux cas de l'autorité publique elle-même, qui en principe devrait être un agent du respect de la loi et de la sécurité publique. Nous avons relevé plusieurs cas d'homicides perpétrés par des agents armés attachés aux mairies ; *dont le statut légal reste d'ailleurs mystérieux*. Les citoyens constatent également les violences dans le trafic routier par des voitures non identifiées, ou porteuses de plaques IT, CD, OF, SE, DM et autres. Ce désordre – on ne saurait le qualifier autrement – et le nombre excessif de policiers au service des autorités, ne sont pas de nature à apporter la paix des esprits.

Il est à noter également que les communes de Port-au-Prince et de Carrefour figurent comme les communes les plus violentes de la zone métropolitaine, avec respectivement 24 et 27 victimes enregistrées pour le trimestre.

Par contre, les actes de violence persistent, comme les holdups, les menaces et vols à mains armés ; les viols également et même les viols collectifs font de nombreuses victimes. La collecte des chiffres est quasi-impossible pour une organisation de la société civile, comme la nôtre.

En plus, la vie quotidienne des citoyens et citoyennes se déshumanise au jour le jour ; l'espoir semble s'éteindre à leur horizon et les jeunes ne peuvent regarder l'avenir avec confiance, ce qui les pousse à partir massivement vers d'autres lieux en quête d'opportunité pour un lendemain meilleur.

Les séries de manifestations organisées dans le pays et les violences qui les accompagnent, démontrent que beaucoup de problèmes secouent la République et menace la stabilité démocratique. Les brutalités policières lors des manifestations et l'usage excessif de gaz lacrymogène qui fait des victimes, sont à signaler. Mentionnons également la crise autour du budget qui à notre avis ne sert pas d'instrument de plus de justice sociale ; la corruption dans les administrations publiques ; la paralysie du système judiciaire par une grève qui pénalise les détenus, sans qu'il y ait une réponse adéquate des autorités publiques. Passons sur les inégalités sociales et économiques qui se renforcent au jour le jour.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission réitère ses salutations et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 64<sup>ième</sup> rapport.

**Mme Jocelyne ColasNOEL, Directrice Nationale**

**M. Joël JOSEPH, Secrétaire général Jilap Achipo**

**Me. Apollon Rovelsond, Responsable de l'observation**

**Tablo mwa jiye rive sektanm 2017**  
**Fason nou analize vyolans nan zòn metwopolitèn nan**  
*Tableau synthèse de la violence dans la zone métropolitaine*

		Mwa Jiyè 19 viktim	Mwa Out 22 viktim	Mwa Sektanm 31 viktim
<b>a. Sou idantite viktim yo</b>				
<b>Polis ak ajan sekirite ki viktim</b>		-	-	-
<b>Fannm ki viktim</b>		1	-	1
<b>Timoun ki viktim</b>		2	-	-
<b>Viktim yo pa konnen kilès yo ye</b>		11	15	15
<b>Viktim yo konnen kilès</b>		8	7	16
<b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>				
<b>Moun ki mouri ak bal</b>		10	12	20
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	2	9
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	4	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	4	3	1
	Viktim afwontman ant gang	-	-	2
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	2	7	10
<b>Moun ki touye tèt yo</b>		-	-	-
<b>Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt</b>		1	3	3
<b>Moun mouri nan aksidan</b>		6	7	5
<b>Moun mouri nan move tan</b>		2	-	-
<b>Lòt kòz ak sa yo pa konnen</b>		-	-	1
<b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>				
<b>Komin Pòtoprens</b>		5	8	11
<b>Komin Site Soley</b>		3	-	-
<b>Komin Kafou</b>		9	9	9
<b>Komin Dèlma</b>		-	1	6
<b>Komin Petyonvil, wout Frè</b>		1	2	5
<b>Komin Taba</b>		1	-	-
<b>Komin Kwadèboukè</b>		-	2	-
<b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
<b>Moun ki mouri sou etikèt volò</b>		3	3	6
<b>Etikèt kidnapè/bandi</b>		-	-	1

## **Analiz ak kòmantè 64yèm rapò vvolans nan zòn metropolitèn nan**

### **Sa k pase pandan trimès la**

Pou 3yèm trimès lane 2017, Komisyon Jistis ak Lapè konte 72 moun ki mouri nan vvolans. Ladan yo, genyen 44 ki mouri ak bal. Nan dezyèm trimès la, nou konte 109 ka vvolans, ladan yo te gen 96 moun ki te mouri ak bal. Nou obsève ka aksidan yo ogmante, 18 moun pèdi lavi yo, avan, se te 4 moun nan dezyèm trimès la. Fason sistèm transpò ap mache a bay gwo tèt chaje, paske li depaman ak diyite moun genyen.

Reyalite vvolans lan se yon bagay nou dwe byen konprann nan sa k pase yo. Si nou ta vle kwè vvolans lan bese nan zòn metropolitèn Pòtoprens la, sa se yon reyalite ki gen anpil aparans ladan l. Pou Komisyon an, sa pa gen anyen pou wè ak yon desizyon klè yo te pran nan nivo Leta a, oubyen ki ta rezulta yon volonte politik reyèl pou fini toutbon ak rezo bandi k ap jwi ak lisans yon seri politisyen e otorite nan gouvènman an.

Komisyon an ap fè sonje, lè kantite moun ki viktim anba zam ap bese, sa pa vle di ensekirite kaba pou sa; menm si se yon aspè enpòtan nan analiz nou yo. Gen lòt bagay ki ranfòse klima a ak santiman ensekirite a lakay moun yo, tankou : moun k ap sibi zak brake zam lè y ap soti labank oubyen nan yon lòt antrepriz finansye, oubyen lè yo leve douvanjou pou yo ale nan aktivite ekonomik yo, konsa tou, yo konn viktim lè yo nan machin transpò piblik kote vòlò dechèpiye yo epi pote ale ti lajan yo ak lòt bagay ki gen valè.

Nap pran egzanp, pè **Justin TCHIMBAMBILA, cicm, omoye nasyonal mouvman Kiwo a an Ayiti** ki pase dedwèt tou pre lanmò, pandan li sòti pran lajan nan yon ajans Sogebank sou wout Lali, jou ki te 8 dawou 2017. Bandi yo te rete tann viktim nan tou pre a, epi pwente zam sou li pou pran tout lajan an avèk anpil menas sou lavi li.

Zòn metropolitèn Pòtoprens la pa twouve l nan kondisyon kòrèk pou nou kapab pale sou yon sekirite ki byen òganize. Nou pa remake okenn desizyon bò kote Leta a pou korije aktivite gwooup bandi yo ak tout lòt k ap opere ak zam nan peyi a.

Nou wè pito genyen yon pratik sal bò kote gouvènman an ki te kòmanse depi rejim Lavalas la, ki toujou ap kontinye sou pouvwa PHTK a, kote y ap distribiye lajan nan baz bandi yo pou yo kapab achte lapè zam yo. Pratik sa yo ki grav anpil epi yo pote

domaj pou popilasyon an. Reyalite ki fè lapèn sa a montre klè kou klèwòz pa genyen yon volonte politik pou retire zam nan men bandi yo ki rete yon gwo danje pou sosyete a.

Ensekirite sila a ki toujou la parèt aklè nan plizyè evènman ki te rive :

1. Yo asasinen ak bal, gwo lajounen jou ki jedi 13 jiyè 2017, yon machann liv ki rele Auril DERILUS. Se ajan lameri Petyonvil ki touye viktim nan, poutèt li te mete machandiz li sou twotwa lari a.
2. Jou ki te 12 sektanm 2017, te gen anpil zak vyolans nan zòn metwopolitèn nan ki te paralize lari a. Yon mafestasyon kont gouvènman an te pran yon nivo vyolans pi wo degré, yo detwi anpil byen, boule machin epi yo atake plizyè antrepriz komès. Lapolis te parèt enkapab devan sitiyasyon malouk sila a, li te manke vijilans pou l'anpeche epi jere bezwen ki te genyen nan zafè sekirite. Kijan nou kapab konprann pou yon gwoup moun deside mennen atak ak sipriz pou twouble lòd sosyal la, pandan lapolis pa ka reyaji yon fason kòrèk nan moman an menm pou anpeche sitiyasyon sa yo rive? Zòn metwopolitèn nan manke konsonmen nan gwo vyolans. Eske gen yon sèvis ransèyman k ap enfòme lapolis epi ki kapab detounen atak sipriz sa yo?
3. Nan jou ki te samdi 16 sektanm 2017, yon machann yo konnen sou non MONDYAL te resevwa 2 bal nan zòn estad Silvio Cator. Yo te transpòte l'prese prese nan ijans lopital. Se ajan sekirite lameri Pòtoprens ki fè zak abitrè sila a poutèt machann nan t ap enstale komès li nan lari a.
4. Komèsan Alfred DOURA mouri anba bal jou ki te vandredi 29 sektanm 2017, nan moman 4 bandi sou moto rantre nan magazen li ki rele « *Janet Beauty Supply* » kote yo vann bijou fantezi, pwodi pou fè moun bél ak kosmetik. Youn nan bandi yo mouri nan chanje kout zanm ak lapolis.
5. Yon tifi 4 lane mouri nan yon aksidan moto nan yon kondisyon trajik e sovaj sou wout Ray, nan komin Kafou, zòn Akachon 32, nan moman manman 1 t ap mennen 1 lekòl. Yon kamyon t ap vire nan kafou a, epi manèv chofè a fini ak dlo nan je.



*Eske nou kapab dakò pou yo transpòte timoun piti sou moto, san otorite yo pa di anyen ? Eske nan peyi nou an timoun yo sispann reprezante espwa ak avni?*

6. Jou ki samdi 30 sektanm 2017, plizyè moun pran bal nan pye pandan yon manifestasyon ki te gen vvolans ladan 1. Sitiyasyon sila a lakòz anpil deblozay ak kraze brize byen moun ; yo voye yon latriye kout wòch sou anpil antrepriz ak plizyè machin. Aktè yo ki sou sèn politik la montre yo pokò nan nivo pou bay lesyon demokrasi ak yon leta ki chita sou lalwa ; nou wè pito se sa k sèvi ak plis fòs ak vvolans k ap toujou dominen.
7. Jou ki te 30 sektanm 2017, yon sitwayen yo rele Ersnso PIERRE alyas Nasson resevwa 2 bal nan ranch li. Yon ekip bandi ki soti Maryani, ki se sekirite majistra Gresye a, t ap fè zak teworis sou popilasyon an nan pete bal. Yo te pote viktim nan prese prese nan ijans lopital.

**Lòt bagay ki rive kote se otorite yo ki sous ensekirite a :**

8. Yon seri gwoup moun ki di yo se militè ap sikile an piblik ak zam toupatou epi ap bay kè sote. Yo te preznan sou wout Ayopò pou akeyi Prezidan Repiblik la, apre li te fin pale nan Nasyonzini. Sitiyasyon sila a montre aklè sekirite peyi a mal òganize. Kesyon n ap poze: kilès ki gen kontwòl diferan gwoup sa yo k ap pote zam nan peyi a?
9. Anpil machin ap sikile san plak. Sitiyasyon sila a ap ògmante laperèz kay sitwayen yo. Genyen yon bann kòtèj ofisyèl k ap agrese lòt moun ki nan lari a; epi genyen yon seri machin ki gen plak IT, OF, SE, CD pafwa DM, ki lannwit tankou lajounen ap sikile ak sirèn, gwo klaksòn, gwo limyè, jiwofa, elatriye. Yo pran tout direksyon, yo boule limyè wouj, yo pran sanzinik jan yo vle; yo konn

menm rive frape moun epi fè gwo akwochaj ak lòt chofè, san yo pa kanpe. Fòk nou di tou genyen yon pakèt machin k ap sikile lannwit avèk gwo limyè k ap vegle je lòt chofè, k ap kondwi nan lòt direksyon. Direksyon Santral Lapolis pou wout montre anpil feblès fas ak sitiyasyon malouk sa yo nan sikilasyon machin, epitou, li pa montre okenn volonte pou fè yo respekte lalwa sou sikilasyon an kòmsadwa; epoutan, anpil moun k ap fè dezòd ki pa respekte prensip yo nan trafik, se polisye yo ye ki afekte nan kòtèj youn ou lòt otorite.

### An n etidye yon ka

Nan rapò sa a nou pwopoze pou etidye yon ka vyolasyon dwa moun grav ajan lameri yo fè, ki toujou ap mache ak kèk ofisyen nan lapolis. Sa pral ede n konprann nivo vyolans Leta a ap fè sou popilasyon an. Ka sa a pèmèt nou wè ki konsekans vyolans la genyen sou dwa moun, ak tout responsabilite Leta a ki dwe pwoteje dwa sa yo.

#### Men ki sa ki pase:

Jou ki te jedi 13 jiyè 2017 la, touprè simityè Petyonvil, yon machann liv ki rele Auril DERILUS mouri anba bal lapoula ak yon zam kalib 12. Se yon brigad sekirite lameri Petyonvil, ansanm ak ajan nan polis nasyonal la, ki te nan operasyon sa a sou lòd majistra Dominique SAINT ROCK ak madanm li. Viktim nan te refize pou ajan lameri yo te pran machandiz li yo, paske yo gen abitib vòlò yo an gwo ponyèt. Apre ajan lameri yo te komèt gwo krim sa a, yo te sezi kadav viktim nan e nan moman n ap ekri rapò sa a yo pokò remèt kadav viktim nan bay fanmi li.

*Ki sa dwa lavi vle di pou otorite yo nan peyi a ?*



## **Analiz sou sa k te pase a**

Nou dwe konnen lameri yo se yon enstitisyon ki nan konstitisyon peyi a : se majistra a ki administre 1 nan limit lalwa bay. Depi kèk tan, n ap obsève sitou nan zòn metropolitèn nan, anpil ajan sekirite lameri k ap fè anpil lòbèy ak vyolans tankou nan Dèlma, Kwadèboukè, Kafou, Taba, Petyonvil ak Pòtoprens.

Gen yon pratik kote y ap kouri dèyè machann k ap sikile nan lari ak sa k rete sou bò lari a. Souvan, sitiyasyon sa yo debouche nan twoke konn ak lese frape ki konn mennen gwo vyolans grav. Se sa ki rive viktим Auril DERILUS ki mouri anba bal nan kondisyon gwo vyolans terib nan men ajan sekirite lameri Petyonvil, sa ki vyole dwa lavi viktим nan.

Yon lòt konsta nou fè, genyen yon pakèt ti gwoup ki pote zam sou lobedyans plizyè meri nan zòn metropolitèn nan k ap fonksyone tankou eskadwon lanmò. Nèg sa yo fè anpil abi otorite ak lòt vyolans ki grav, yo pa respekte dwa moun epi yo aji jan yo vle. Eske nou kapab pale sou yon polis minisipal nan jan sa ye kounye a? Non. Fason yo òganize enstitisyon Leta sa yo pito bay imaj yon vyolans Leta a menm mete kanpe.

## **Pozisyon Konstitisyon an sou fòs piblik yo**

Atik 263 nan Konstitisyon peyi a rekonèt 2 fòs ak zam sou teritwa peyi a, ki se lapolis ak lame. Li pa ekri okenn kote gen lòt ti gwoup ki gen dwa pote zam ki kapab deplòtonnen nan aktivite kèk enstitisyon tankou nan lameri yo. Prezans yon seri gwoup ki pote zam anfas fòs legal yo, rete yon gwo danje pou sekirite peyi a. Kijan nou kapab konprann nan prèske tout meri yo atravè peyi a genyen yon gwoup moun ki pote zam, san lalwa pa defini nan ki kondisyon sa kab fèt? Zak vyolans ak vyolasyon dwa moun gwoup moun sa yo ap fè anpil. Konsa, fòk nou wè ki reskonsablite yon seri majistra genyen nan anpil dezòd ki rive fèt.

Nan ka viktим Auril DERILUS, kote yon eskadwon lanmò ki nan lameri Petyonvil touye 1 tankou yon fason sovaj, dapre deklarasyon moun ki nan popilasyon an, nèg sa yo aji anba lòd majistra Petyonvil la ak madanm li. Sa ki vle di, moun sa yo genyen yon reskonsablite dirèk nan aksyon sa yo.

## Ki sa lalwa di ?

Avan tout bagay, nou pa kapab admèt pou gen vvolans ki rive jis nan lanmò pou moun. Lalwa moral ki nan labib la kondane sa ; epitou, Konstitisyon 1987 nan atik 19 la, di pou Leta pwoteje lavi moun, epi lalwa pran sanksyon kont moun k ap fè vvolans sou moun. Toujou, genyen **Pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik, nan atik 6 li, ki di dwa lavi se yon bagay ki mache ak sa yon moun ye.**

Zak kriminèl ajan lameri ap fè a, lalwa pini l, epi, si se sou lòd yon otorite yo egzekite zak sila a, sa mennen nou tou dwat nan vvolasyon dwa moun otorite ap fè a sou viktим nan. Lajistis dwe pran dosye sa a nan men l, epi pakè a dwe pran mezi pou rele devan Lajistis tout moun ki mele nan krim san parèy sa a.

## Konbat pisans enpinite a

Nou konstate klima enpinite k ap kontinye vale teren nan peyi a. Otorite peyi d Ayiti pa janm reponn sou zak yo fè devan lajistis, okontrè, yo bare wout lajistis. Majistra Petyonvil la ta mele déjà nan plizyè zak vvolans sou lòt moun, tankou patisipasyon l nan lanmò ofisyè polis Rigaud Claude CLERMONT. Popilasyon an te denonse konnivans li ak gang ki te patisipe nan lanmò sa a.

Apre krim lan, ajan lameri yo te kenbe kò viktим lan, konsa, fanmi li pa t kapab gen aksè ak kò a. Otorite polis yo ak otorite jidisyè yo pa klè nan ka sa a; sosyete a toujou ap tann li lè y ap pibliye rapò ankèt la.

Nan anpil ka, Jistik la mare nan pye tab enpinite a, ki se yon pwazon pou tout jan estrikti jidisyè a mache. Sitiyasyon sa a ranfòse epi ogmante pouvwa gwoup kriminèl yo. Refize bay lajistis se yon pratik k ap fèt tout tan epi ki lakòz gwo domaj grav sou sitwayen yo k ap chèche lajistis, paske yo swaf li.

Ki lavni yon sosyete genyen, kote y ap pase prensip lalwa sa yo anba pye? Auril DERILUS vin viktим plizyè fwa akòz enstitisyon republikèn nou yo tonbe feblès devan misyon esansyèl yo dwe ranpli. Se responsabilite Leta a pou pran tout mezi ki nesesè pou memwa viktим lan toujou rete pwòp.

## Konklizyon

Pou fini, nou dwe rekonèt zak asasinay ki fèt sou Auril DERILUS se yon ka vyolasyon dwa moun, epi se otorite Leta yo ki manniganse epi egzekite li. Li enpòtan pou nou gade fonksyònman jeneral enstitisyon Leta yo tankou lasante, edikasyon, lajistis, elatriye, pou konprann sitiyasyon reyèl dwa moun nan peyi d Ayiti.

Otorite yo kanpe pi wo pase lalwa, tankou lè yo refize obeyi kèk senp règ nan trafik la. Plis toujou, yo pa vle rann kont pou zak yo fè yo, menm lè konsekans yo grav.

Sitwayen ak sitwayèn yo oblige enkyete pou demen yo. Kijan lavni peyi a ap ye ak movèz pratik sal sa yo k ap fini ak sosyete a ? Leta dwe garanti dwa moun ak sekirite sitwayen yo, pandan y ap asire byennèt yo. Viktim Auril t ap chache lavi pou li ka manje; li rive mouri nan yon kondisyon ki sovaj anpil, poutèt li te twouve l sou bò lari a kote ajan lameri Petyonvil yo egzekite l.

Yo toujou di grangou nan vant pa dous. Se misyon otorite yo pou mete bon politik publik kanpe epi ranje bonjan espas kòrèk pou moun yo kapab mennen divès aktivite. Se pa konsa sa fèt an Ayiti, kote tout bagay yo melanje nan tout bagay. **Yon sitwayen pa vin yon kriminèl paske li okipe yon espas publik; epi, otorite yo ki fè respekte lalwa pa gen okenn dwa pou konfiske byen moun yo genyen, san yon jij konpetan pa t fè yon konsta anvan.**

Lajistis dwe gadyen respè dwa moun yo. Konsa, li dwe pini koupab yo, li dwe refè memwa viktim nan, paske se pa yon kriminèl li te ye.

## Rekomendasyon Komisyon Jistik ak Lapè

### 1. - Pou reponn ak sitiyasyon eksplozif nan peyi a :

- Gouvènman an dwe kreye bon kondisyon pou kab gen yon dyalòg sensè ant aktè politik yo pou anpeche peyi a tonbe nan yon vyolans ki san parèy.
- Sosyete sivil la dwe pi detèmine pou ede batí bon wout pou lavni sosyete a.

**2. - Pou reponn ak zak vyołans ak zam nan zòn metwopolitèn nan :**

- a) Gouvènman an dwe demonstre yon volonte politik reyèl pou dezame gang yo, epi pran desizyon ki montre sa;
- b) Lapolis dwe fè plis prèv nan vijilans pou prevwa aksyon moun atoufè yo.
- c) Lapolis dwe asire tout bon pou gen sekirite lavi ak byen tout moun pandan manifestasyon k ap fèt nan lari yo.

**3. - Pou reponn kesyon bann ti gwoup ki gen zam yo nan lameri yo :**

- a) Palman an dwe fè bonjan lwa pou klarifye polis kominal yo ak sekirite anndan komin yo.
- b) Administrasyon lameri yo dwe òganize espas ak esktrikti kòrèk pou pèmèt machann yo mennen aktivite ekonomik yo.
- c) Lajistis dwe fè limyè sou zak sasinay terib ajan lameri Petyonvil te fè sou Auril DERILUS.

**4. - Pou genyen bon jan sekirite nan transpò timoun yo**

- a) Gouvènman an, atravè Ministè Transpò Piblik la, dwe kreye lòt fason ki bon, kòrèk ak fasil pou timoun yo jwenn bon transpò pou ale lekòl.
- b) Direksyon Santral Lapolis pou Trafik (DCPR) dwe bay règleman konsènan transpò moun ki sou motosiklèt: mezi espesyal pou transpò timoun yo; règleman sou kantite pasaje ak sou kondisyon transpò a pou pwoteje entegrite fizik pasaje yo kont aksidan.
- c) Palman an dwe fè bonjan lwa sou pwoblèm sirèn, klaksòn espesyal ak gwo pwojektè k ap vegle je lòt moun k ap kondi machin.

## **Analyse et commentaire du 64<sup>ième</sup> rapport sur la violence à travers la zone métropolitaine**

### **Les faits saillants du trimestre**

Pour le troisième trimestre de l'année 2017, la Commission a dénombré 72 victimes mortelles de la violence dont 44 de tuées par balle. Alors que pour le deuxième trimestre on comptait 109 cas de violence avec 96 de tués par balle. Il est à observer que les cas d'accident sont en augmentation, 18 personnes sont décédées tragiquement dans un accident, contre 4 pour le deuxième trimestre. L'état dans lequel fonctionne le système de transport est lamentable et porte une sérieuse atteinte à la dignité de la personne humaine.

La réalité de la violence demeure une évidence qui doit être bien cernée à travers les faits. Si la violence semble substantiellement régresser dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince, il s'agit bien d'une réalité apparente qui, selon la Commission, n'a rien à voir avec une décision motivée de l'Etat ou du résultat d'une volonté politique réelle pour démanteler totalement les réseaux de gangsters qui jouissent de la licence de certains politiciens et autorités gouvernementales.

La Commission tient à rappeler que le seul fait que le nombre de victimes de la violence armée a diminué ne signifie pas que l'insécurité n'y est pas ; même s'il s'agit d'un paramètre important de nos analyses. D'autres facteurs renforcent le climat et le sentiment de l'insécurité, comme les victimes au quotidien des actes de braquage soit en revenant des banques commerciales ou d'une entreprise financière, soit tôt le matin en se rendant à ses activités économiques, ou tout simplement quand on se fait pointer d'un arme dans un véhicule de transport en commun pour se faire soutirer de l'argent et des objets de valeur.

**A titre d'exemple, le Prêtre Justin TCHIMBAMBILA, cilm, aumônier national du mouvement Kiro d'Haïti, a passé de deux doigts de la mort après avoir fait une transaction bancaire à une succursale de la Sogebank à Lalue en date du 8 août 2017. Les bandits l'attendaient dans les parages pour le neutraliser et emporter la somme tirée à la banque.**

La zone métropolitaine de Port-au-Prince ne se trouve pas dans les conditions pour parler valablement de sécurité organisée. On n'observe aucune décision d'Etat pour corriger la mouvance des gangs ou groupes armés dans le pays.

Il y a plutôt une pratique gouvernementale répugnante depuis le régime Lavalas jusqu'aujourd'hui, orchestrée actuellement par le parti PHTK où on continue à distribuer de l'argent dans les bases criminelles pour acheter la paix de leurs armes. Ces pratiques inacceptables portent dommage à la population. Cette triste réalité illustre clairement le manque de volonté politique réelle pour désarmer les bandits qui constituent un danger social.

L'insécurité persistante est illustrée par des faits comme :

1.-L'assassinat par balle en pleine rue le jeudi 13 juillet 2017 d'un bouquiniste dénommé Auril DERILUS par des agents de sécurité de la mairie de Pétion ville pour avoir exposé ses marchandises sur la voie publique.

2.- le 12 septembre 2017, la zone métropolitaine a connu des actes de violence troublant la paix des rues quand une manifestation anti-gouvernementale a pris une tournure violente par la perte de bien, des véhicules incendiés et l'attaque de maisons commerciales. La police n'était pas au rendez-vous ; elle a manqué de vigilance pour anticiper les besoins en matière de sécurité. Comment se fait-il que des gens décident tout bonnement de lancer des attaques surprises troublant l'ordre social et que la police n'a pas pu réagir correctement dans le temps et dans l'espace ? En conséquence, la zone métropolitaine a failli sombrer dans la violence meurtrière. Existe-t-il un service de renseignement qui informe la police et qui soit capables de déjouer des attaques surprises?

3.- En date du samedi 16 septembre 2017, un marchand nommé MONDIAL a reçu deux balles aux abords du stade Silvio CATOR ; il a été transporté d'urgence à l'hôpital. Le seul motif pour cet acte arbitraire de la part des agents de la maire de Port-au-Prince, est à chercher dans le fait que ce marchand installait ses marchandises dans la rue.

4.- Le commerçant Alfred DOURA a été tué par balle le vendredi 29 septembre 2017, lors d'un hold-up mené par 4 bandits à moto à « Janet Beauty Supply », son magasin où il vendait des bijoux de fantaisie, des produits de beauté et cosmétique. Un des assaillants a été tué par la police dans un échange de tir.

